



The Commonwealth of Massachusetts

MINISTÈ SÈVIS PIBLIK (D.P.U.)

AVI POU ODYANS PIBLIK AK REKÈT POU KÒMANTE

D.P.U. 26-30

13 fevriye 2026

Envestigasyon Ministè Sèvis Piblik, Nan Pwòp Mosyon li, Tabli yon Règleman Dapre G.L. c. 164, §§ 69G rive 69W, enklizif; G.L. c. 30A, § 2; ak 220 CMR 2.00, pou tabli 220 CMR 32.00.

Nan jou 13 fevriye 2026, Ministè Sèvis Piblik ("Ministè"), soti yon Òdonans ki inisye pwosedi pou yon règleman, dapre G.L. c. 30A, § 2 ak 220 CMR 2.00, pou yo ka adopte Frè Aplikasyon pou Konsèy sou Enplemantasyon Enstalasyon Elektrik (EFSB) nan konsistans ak egzijans Lwa sou Klima 2024. Ministè an anrejistre dosye sa a kòm D.P.U. 26-30.

Yon kopi Òdonans Ministè a ak règleman EFSB yo pwopoze a ap disponib sou sit entènèt Ministè a pi bonè posib nan

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber> (antre "26-30").

Ministè a pral òganize yon odyans piblik vityèl pou resevwa kòmantè sou règleman an. Pandan odyans piblik la, nenpòt manm nan piblik la ap kapab fè kòmantè. Ministè a pral reyaliz yon odyans piblik nan konferans videyo sou Zoom nan dat 1ye avril 2026, l ap kòmanse a 10:00 am. Patisipan yo kapab antre nan lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/81371362036>, ak yon òdinatè, telefòn entelijan, oswa tablèt. Ou pa oblije telechaje okenn aplikasyon avan. Pou aksè odyo sèlman nan odyans lan, patisipan yo ka rele +1 646 558 8658 (li pa gratis) apre antre nimewo kòd Webinar la: 813 7136 2036. Si w panse ou ka bezwen voye kòmantè sou Zoom pandan odyans piblik la, tanpri voye yon imèl pou pi ta nan dat 31 mas 2026 bay timothy.federico@mass.gov ak amelia.gianetta4@mass.gov ak non, adrès imèl, ak adrès postal. Yon lòt opsyon se pou nenpòt moun ki vle bay kòmantè alekri sou sijè sa yo bay Ministè pa pi ta apre fen jounen travay (5:00 p.m.) nan 25 mas 2026, epi reponn kòmantè ekri pa pi ta pase lè apre fen jounen travay (5:00 p.m.) 8 avril 2026. Ministè a ap chèche kòmantè sou sijè sa yo:

1. Lòt estrikti frè posib, tankou plis nivo frè ak kalkil frè ki baze sou kritè tankou kapasite megawatt ("MW") enstalasyon an oswa yon pousantaj pri konstriksyon enstalasyon an.

2. Si Ministè a ta dwe evalye Frè Bazik Aplikasyon pou aplikan nan sèvis piblik yo pou Pèmi Konsolidasyon (eksepte pou enstalasyon enfrastrikti transmisyon ak distribisyon pwòp) menm jan pou Etablisman eritaj ki pa nan Enstalasyon Enfrastrikti ki gen Enèji Pwòp (CEIF) yo, malgre konpayi sa yo ka sijè ak evalyasyon anyèl yo dapre G.L. c. 25, § 18.

Yo ka voye kòmantè ekri nan men piblik la pa imèl bay dpu.efiling@mass.gov, timothy.federico@mass.gov, ak amelia.gianetta4@mass.gov. Tanpri sonje ke pou rezon transparans, nenpòt kòmantè ap afiche sou sit entènèt nou an jan nou te resevwa yo epi san retire enfòmasyon pèsònèl yo, tankou adrès, nimewo telefòn, oswa adrès imèl. Se poutèt sa, konsidere limit enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè piblik yo. Ministè a ankouraje piblik la pou yo soumèt kòmantè pa imèl. Toutfwa, si yon manm piblik la pa rive voye kòmantè ekri yo pa imèl, li ka voye yon kopi papye bay Peter Ray, Secretary, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts 02110.

Dokiman yo ta dwe soumèt bay Ministè a nan fòm pdf pa imèl nan dpu.efiling@mass.gov, timothy.federico@mass.gov, ak amelia.gianetta4@mass.gov. Tèks imèl la dwe presize: (1) nimewo anrejistreman pwosedi a (D.P.U. 26-30); (2) non moun oswa konpayi k ap soumèt dosye a; epi (3) yon tit deskriptif tou kout pou dokiman an. Imèl la dwe gen ladan l tou non, tit, ak nimewo telefòn moun pou yo kontakte si ta gen kesyon sou dosye a. Non fichye elektwonik la ta dwe idantifye dokiman an men li pa ta dwe depase 50 karaktè. Sa ki enpòtan, tout gwo dosye yo soumèt yo dwe separe an dosye elektwonik ki pa depase 20 MB. Tout dokiman yo soumèt nan fòm elektwonik ap disponib sou sit entènèt Ministè an: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom> (antre “26-30”).

Pou mande dokiman nan fòm aksesib pou moun ki gen andikap (Braille, gwo ekriti fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (ADA) Ministè eeadiversity@mass.gov oswa (617) 626-1282.

Ministè a pral òganize yon odyans piblik vityèl pou resevwa kòmantè nan dat 1ye avril 2026 pou resevwa kòmantè sou règleman an. Pral gen entèpretasyon nan Panyòl, Pòtigè, Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Vyetnamyen ak Lang Siy Ameriken (ASL). Lòt sèvis entèpretasyon ka disponib si w voye rekèt la nan dpu.ej@mass.gov. Mete nan rekèt ou a lang ou vle a ansanm ak enfòmasyon kontak ou. Pou ede nou jere rekèt ou a, tanpri soumèt li pi bonè posib epi pou pi piti yon semèn anvan odyans pou kòmantè piblik la.

Sou Òdonans Ministè a,

/s/ Peter Ray

Peter Ray, Sekretè